



Bee" Safe



PROTEJE TÈT W, FANMI W, FWAYE W AK PWOPRIYETE W DE
ABÈY/MYÈL YO

Ponpye ak Sekou Miami-Dade Biwo Entèvansyon Anti Venen

MYÈL AFRIKEN YO AK MYÈL EWOPEYEN YO

Myèl Afriken yo kounyeya rive byen etabli yo nan popilasyon myèl sovaj ki an Florid la. Myèl Afriken ansanble li idantik ak myèl Ewopeyen an. Tou de kalite myèl sa yo pa natif natal Ozetazini.

RESANBLANS

- Yo sanble
- Yo pike predatè yo pou proteje nich yo
- Yon myèl pike yon grenn fwa apre sa li mouri
- Genyen menm venen (pwazon), menm kantite
- Fè flè yo jème, pwodwi myèl ak lasi

MYÈL AFRIKEN

- Reponn rapidman a deranjman 50 pye ou plis de nich la ke pa moun ke pa bèt
- Sense vibrations from power equipment 100 feet or more from the nest
- An gran kantite yo pike
- Gen dwa pouswiv yon lènmi pou yon kilomèt ou plis
- Gwemyen yon pi gwo to repwodiksyon (ki eseme pi souvan)
- Fè nich nan ti espas twou ki pi piti epi pafwa anba tè (pa egzant. Kontè dlo yo oswa twou nich lòt bèt anba tè)

ANPLASMAN EVANTYÈL NICH YO

Myèl yo va chwazi yon anplasan nich nan plizyè plas kote moun gen dwa deranje yo san fè eksprè. Twou nich yo gen dwa enkli: bokit yo, bwat fèblan yo, bwat vid yo, ansyen kawoutchou yo, oswa nenpòt lòt veso ki kapab kenbe depi 2 galon rive jiska 10 galon ak plis menm. Myèl yo gen dwa pa trè souvan, men tou sèvi ak machin yo; pil bwa chapant; twou yo oswa espas nan antouraj yo, pyebwa yo ak remiz yo; andedan garaj yo ak nan depandans yo andedan mi yo menm; oswa anba zye moun la menm anba pon/galeri ki ba yo oswa ant espas ki anba bilding yo. **RETIRE TOUT ANPLASMAN EVANTYÈL NICH OTOU BILDING YO.**

Rele yon estèminatè si w jwenn myèl sou pwopriyete w la. Pa eseye estèmine yo poukont w.

PREKOSYON ANJENERAL

- Koute pou boudonnman epi veye kote myèl yo rantrè ak sòti nan menm zòn, ki demontre genyen yon nich oswa yon eseme myèl.
- Fè atansyon lè wap rantrè nan remiz oswa depandans yo kote myèl yo kapab fè nich.
- Egzamine zòn travo yo anvan w sèvi ak ekipman elektrik ki fè bwi yo tankou machin koupe gazon yo, machin pou sekle yo, ak si elektrik yo.
- Egzamine zòn yo pou wè si gen myèl anvan wou mare oswa fèmen bèt kay yo ak bèt elvaj yo.
- Veye pou myèl lè w deyò.
- Pa janm deranje yon eseme oswa yon sosyete myèl; kontakte yon konpayi kontwòl ensèk yo oswa [Local Cooperative Extension Agent](#).
- Aprann ti moun yo pou yo respekte epi fè atansyon lè yo wè myèl nan zòn la.
- Si w konnen ke w fè alèji a pikan myèl, tcheke ansanm ak doktè w pou li ba w yon twous medikaman pou anti piki myèl yo menm.
- Mete an plas yon plan sirte pou fanmi w.

PWOTEJE BILDING W AK LAKOU W KONT MYÈL

- Retire evantyèl anplasman nich yo.
- Enspekte mi eksteryè yo ak anba twati yo nan kay w ak lòt bilding yo.
- Nan mi yo ak ozalantou tiyo yo, bouche twou ki pliske en wityèm pous de lajè, epitou lòt twou tankou twou egou anba twati bilding yo.
- Enstale til yo (til nwa kenkayri en wityèm pous) sou twou egou yo, twou èkondisyone yo, twou nan pyebwa yo ak sak nan poto antouraj yo, kontè dlo/bwat kontè yo, elatriye.
- Depi prentan jiska lotòn, enspekte youn a de fwa pa semèn pou tcheke aktivite myèl ozalantou kay w an ak lakou w la.

SA POU FÈ SI W JWENN MYÈL SOU PWOPRIYETE W

- KANPE LWEN TOUT ESEME MYÈL YO OSWA SOSYETE MYÈL YO.
- SOVE PI VIT KE POSIB DE MYÈL YO.
- PANDAN WAP KOURI SOVE, PWOTEJE ZYE W AK FIGI W PLISKE POSIB..
- CHÈCHE ABRITE TÈT W NAN YON KOTE KI FÈMEN TANKOU YON OTO, KAMYON OSWA BILDING.
- RELE YON OUVRIYE MYÈL LOKAL, KONPAYI KONTWÒL ENSÈK, OSWA [LOCAL COOPERATIVE EXTENSION AGENT](#) POU JWENN ASISTANS.
- PA KACHE NAN DLO OSWA NAN RAJE/BWOUSAY PWÈS.
- PA KANPE ANPLAS EPI VOYE KALÒT DÈYÈ MYÈL YO,; MOUVMAN RAPID VA FÈ YO PIKE PI RÈD.

KISA POU FÈ SI YO PIKE W

1. SOVE PI VIT KE POSIB DE MYÈL YO. CHÈCHE ABRITE TÈT W NAN YON KOTE KI FÈMEN TANKOU YON OTO, KAMYON OSWA BILDING.
2. RALE OSWA GRATE PIKAN YO SÒTI PI VIT KE POSIB. LAPLIPA VENEN LAGE NAN SISTÈM W NAN ESPAS YON MINIT.
3. LAVE KOTE YO PIKE W LA AK SAVON AK DLO TANKOU TOUT LÒT BLESYON POU EVITE ENFEKSYON.
4. METE GLAS SOU LI POU SOULAJE DOULÈ AN AK ENFLAMASYON.
5. ALE PRAN SWEN NAN MEN DOKTÈ SI RESPIRASYON W BA W PWOBLEM, SI YO PIKE W PLIZYÈ FWA, OSWA SI W ALÈJIK A PIKAN MYÈL YO.

MINIMIZE PIKI

1. Sove pi vit ke posib pou jwennabri ki pi pre an: oto ak pòt fèmen ak fenèt monte, kay, bilding, elatriye. Genyen kèk myèl kap rantre ansanm avèk w men yap mwens andedan avè'w ke si w te rete deyò.
2. Nenpòt bagay pou kouvri kò w, espesyalman pou tèt w, sa va minimize piki myèl yo. Si sa posib, kouvri figi w.
3. Ak tout ke sa gen dwa tante w, PA ABRITE NAN DLO! Myèl Afriken ekstrèman pèsistan. Chak fwa w remonte pou respire, yo va eseyepike w. Sa va ranfòse pozisyon defans yo an. Yo gen dwa pike w san pran souf epitou wap oblije rete pou yon bon tan nan dlo an.
4. Si w rantre yon kote w sispèk genyen myèl, ale tou pare ak yon plan kouman pou w sove epi mete rad ki pou pwoteje w enkli moustikè pou pwoteje tèt w.
5. nenpòt kantite piki myèl gen dwa danjre. Si myèl pike w, chèche swen nan men doktè. Fè doktè w ba w yon twous medikaman anti piki myèl si w alèjik a venen/pwazon myèl yo. Si w fè yo move reyaksyon, yon grenn piki myèl gen dwa touye w la menm!
6. Dòz tiyatwa venen myèl varye anpil, depi yon piki jiska dè milye piki. Yon dòz anpwazonan/toksik evalye a apeprè 5 a 10 piki pa liv pwa kò yon moun. Moun ki genyen sistèm iminite yo ki fèb, ti moun, ak granmoun ti kò an pi gwo danje. Apeprè 1,000 piki myèl va mete yon granmou 150 liv epi an sante an danje lanmò. Yon sosyete myèl an mwayèn, pa twò gwo, ki an pzoisyon defans gendwa pwodwi kantite piki sa yo!